

Deklarasyon Enpak Ekite: Absans Kwonik ak Estrateji Pou Amelyorasyon Distri a

Tit: Absans Kwonik ak Estrateji Entèvansyon Distri a

Dat: 1ye mas 2023

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? Wi Non

Si wi, mete dat (yo) reyinyon REPT ak lyen pou ranpli REPT isit la: _____

Èske yon manm Divizyon Ekite, Estrateji ak Inegalite Opòtinite revize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon Estrateji Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon & Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon/efò sa gen ladan elimine disparite yo? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a epi èske li reflele idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup kle yo gen ladan Nwa, Latino, Azyatik, Ameriken natif natal, imigran, miltileng ki gen eksperyans edikasyon espesyal)?</i></p>	<p>Estrateji distri a abòde absans kwonik ki konsantre sou etabli yon kad sipò e ekitab pou asire yo tout elèv yo ka toujou patisipe nan edikasyon yo ak devlopman sosyal emosyonèl, kote yo bay yon chemen pou tout elèv aprann, grandi ak pwospere. Sèvi ak pratik kiltirèl ak langaj afimatif, inisyativ pou amelyore prezans yo, mete aksan sou enpòtans pou devlope relasyon pwofon elèv ak fanmi yo, pandan w retire baryè ki genyen nan prezans ki konsistan epi bay chemen pou ogmante yon sans d apatenans pou chak elèv ak koneksyon ak kominote yo.</p> <p>Estrateji espesifik ki vize pou elimine inegalite yo gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Sistèm Asistans Gradyèl (TAS "sig li an anglè"): Sèvi avèk yon kad ki baze sou Sistèm Sipò ki gen plizyè nivo (MTSS), pwosesis sa a evalye fòs ak pwoblèm ki genyen nan estrateji entèvansyon prezans yon lekòl atravè yon seri de faktè, epi answit ofri apwòch ki rekòmande pou amelyorasyon. Faktè yo ajoute pratik kiltirèl ak langaj ki dirab, tankou mezi pou asire yon klima akeyan ak kiltirèl ki afimatif nan lekòl. ● Lèt sipò Nudge: Dapre teyori syans sou konpòtman, lèt sa yo genyen mesaj ki konsantre sou elèv ak fanmi, tradwi nan lang BPS, pandan y ap prezante done prezans elèv yo yon fason ki transparan ak fasil pou entèprete. ● Modèl Lyezon Rejyonal: Lè nou etabli koòdinasyon atravè gwoup travay biwo santral kle yo pou sipòte lekòl yo, nou pi efikas nan enpleman estrateji ki konekte priyorite distri a pou Kilti, Klima ak Prezans nan Plan Kalite Eskolè (QSP) chak lekòl. <p>Travay sa a te dirije atravè Komite Konsiltatif Prezans Distri a, ki reprezante idantite gwoup elèv BPS ak fanmi yo.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon/efò a konekte ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Inisyativ asistans ki aliye ak angajman Plan Estratejik sa yo:</p> <p>2.6 Diminye absans kwonik lè w asire yo akeyi elèv yo nan klas ki toujou pozitif e ki atiran epi kote yo ka satisfè bezwen endividyèl yo.</p> <p>2.7 Fè chak lekòl vin yon espas ki an sekirite pou chak elèv BPS, ofri sipò ak pwoteksyon yo bezwen pou aprann grandi ak pwospere.</p>
<p>3. Analiz done yo <i>Ki done yo te analize? Èske li te divize atravè ras ak lòt gwoup kle? Ki sa li te montre anrapò ak diferans yo?</i></p>	<p>Done istorik sou absans kwonik yo te divize atravè ras ak lòt gwoup kle yo. Done yo te revele diferans ki genyen nan pousantaj absans kwonik pou elèv ki soti nan gwoup ki pa janm resevwa sèvis sa yo. Elèv Nwa ak Latino yo gen pi gwo pousantaj nan absans kwonik lè yo konpare ak elèv Blan ak Azyatik. Anplis de sa, done yo montre gen pi gwo pousantaj absans kwonik pami elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividyèl ak moun ki defavorize ekonomikman. Pami elèv k ap aprann anglè kounye a, nou pa wè yon gwo diferans nan absans kwonik, byenke absans kwonik yo pi wo nan mitan ansyen elèv k ap aprann anglè.</p>
<p>4. Patisipasyon moun ki gen enterè yo <i>Ki moun ki te patisipe (nimewo, gwoup kle yo ak fonksyon) e ki jan ak kisa yo te reyalize? Kisa</i></p>	<p>Efò sou patisipasyon ki ankou yo ogmante opinyon divès pati ki konsène yo, tankou Komite Konsiltatif pou Prezans Distri a (AAC), Konsèy Konsiltatif Elèv Boston, Konsèy Paran nan tout vil la, Gwoup Travay Tranzisyon Jèn yo, ansanm ak lidè lekòl yo, estaf lekòl la ak lidèchip depatmantal entèfonksyonèl Biwo Santral la.</p> <p>Pwoblèm enpòtan yo te parèt nan angajman nou ak moun ki gen enterè pou redwi absans</p>

<p><i>elèv/fanmi ki pi afekte atravè pwopozisyon/efò sa a te di?</i></p>	<p>kwonik pandan n ap rekipere anba efè pandemi an. Sa yo enkli nesosite pou etabli lyen elèv nou yo ak lekòl la, patikilyèman yon sans d apatenans, pou aktive kominote lekòl yo an jeneral, pou pèmèt byennèt emosyonèl sosyal elèv yo. Nan tout distri a, nou gen anpil nouvo anplwaye lekòl ki bezwen lòt antrenè ak sipò pou devlope kapasite yo nan angajman elèv ak fanmi. Kòm rezilta, nou ogmante sipò sou plas pou travay dirèkteman ak ekip sipò lekòl yo, elve pi bon pratik pou idantifye elèv ki ka dekonekte ak apwofondi relasyon yo.</p> <p>Pa egzanp, travay nou ak gwoup moun ki gen enterè yo, ki gen ladan CAA, te fasilite revizyon politik prezans BPS la nan Ane Lekòl 2020-2021 an. Atravè pwosesis sa a, yo te retire eleman pinitif politik ki te la anvan an, sa te afekte elèv Nwa ak Latino yo ak elèv k ap aprann plizyè lang ki benefisye edikasyon espesyal.</p>
<p>5. Estrateji Ekite Rasyal <i>Ki jan pwopozisyon/efò sa a diminye inegalite epi ogmante ekite rasyal ak lòt? Ki konsekans envolonètè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral avanse plis ekite?</i></p>	<p>Antanke yon prensip direktè santral, estrateji amelyorasyon prezans distri a elimine pratik istorik ki te lakoz genyen inegalite rasyal ak lòt, pandan y ap itilize yon apwòch kiltirèl ak linguistik ki plis adapte pou aktivite prevansyon ak entèvansyon konsènan absans. Pou asire mizannèv pratik ki efikas onivo prezans ak angajman yo, yo dwe difize mesaj ki klè e konsistan pou elèv, fanmi ak anplwaye yo, epi veye pou tout lekòl yo adopte pratik prevansyon ak entèvansyon nan plizyè nivo. Konstriksyon relasyon, kontak konsistan ak sèvis sipò ki retire baryè yo esansyèl pou devlope relasyon pwofon ant elèv ak fanmi ki nesèsè pou ankouraje prezans ki konsistan.</p> <p>Si lekòl yo pa antre konsantrè pou rive jwenn ak angaje tout elèv yo, espesyalman moun ki gen yon gwo pousantaj absans, kèk elèv ak fanmi ka santi yo pa "enpòtan" nan lekòl la oswa yo ka santi yo pa fè pati kominote lekòl la. Estrateji nou yo konekte ak atant distri a konsènan prezans, prevansyon ak entèvansyon, ansanm ak pasaj nan sistèm ki pi resan, tankou platfòm Panorama pou siksè elèv, TAS la ak itilizasyon QSP kòm dokiman oryantasyon entegral pou aplikasyon lekòl la.</p> <p>Yon eleman kle nan amelyore prezans ak angajman elèv yo se ede lekòl yo konprann relasyon ki genyen ant kilti lekòl la, klima ak prezans. Atravè Modèl Lyezon Rejyonal la, ekip entèfonksyonèl yo sipòte lekòl yo pou avanse plis onivo ekite ki aplike estrateji prezans ki konbine ak inisyativ konsènan kilti ak klima.</p>
<p>6. Bidjè ak Aplikasyon <i>Ki enpak bidjè yo genyen? Ki jan aplikasyon an pral asire tout objektif yo reyalize, espesyalman sa ki gen rapò ak ekite? Ki idantite gwoup yo nan ekip aplikasyon an, epi èske yo pral pote yon pèspektiv ekite?</i></p>	<p>Estrateji entèvansyon pou absans lekòl k ap evolye nan distri a gen yon minimòm enpak sou bidjè nan moman sa a. Agrandisman ki planifye nan kantite Sipèvizè Asistans (SOA) pral ogmante kapasite pou sipòte lekòl yo, pandan y ap bay yon estrikti fasafas pou SOA yo ajiste ak Modèl Ekip Lyezon Rejyonal la. Sipèvizè Asistans yo (SOA) konsantrè sou sipò dirèk lekòl, elèv ak fanmi yo, an kolaborasyon ak Modèl Rejyonal la, ki pèmèt aplikasyon konsistan ak sipò konsiltatif nan lekòl yo. SOA yo genyen yon ekip linguistik ak kiltirèl divèsifye ki reprezante elèv yo ak kominote BPS ap sèvi yo, e ki toujou pote yon vizyon ekite nan efò yo.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Ki jan enpak yo pral evalye, dokimante ak kominike bay moun ki gen enterè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Yo prezante mizajou kontinyèl ak swivi pwogrè yo grasa kantite ak kalite done yo te bay yon kantite gwoup prensipal ki gen enterè ekstèn, tankou Komite Konsiltatif onivo Prezans, Gwoup Travay Tranzisyon Jèn yo ak Ajanda Opòtinite Boston. Ekip Opportunity Youth la responsab pou rezilta sa yo, pou kominike yo bay moun ki gen enterè yo, epi ajoute fidbak yo nan kad efò kontinyèl nou yo pou elimine absans.</p>